

7 novanm

Piga nou bay manti sou frè parèy nou.

Egzòd 20. 16

Pa mache bay manti sou moun menm ras avèk nou. Levitik 19. 16

Sa ou di ka lavi pou ou, li ka lanmò pou ou.

Pwovèb 18. 21

Pawòl 9 : Piga ou bay manti

San dout anpil nan nou pa janm bay manti pandan yon jijman nan tribinal. Men, nan yon sans ki pi laj, kòmannman sa gen pou wè tou ak moun ki pa pran angajman li pou anyen, oubyen ki pa menm rekonèt angajman li yo. Li gen pou wè ak “kout lang, landjèz, manti, egzajerasyon ak degize verite. Nou ka bay manti, lè nou fè yon tripotay menmjan ak lè nou koute l, lè n ap pran plezi sou lòt moun, lè n ap fè moun kwè sa ki pa vre, lè nou pa korije bagay moun di ki pa vre... ak sa nou di, menmjan ak silans nou tou” (*John Stott*).

Manti ak kout lang, non sèlman fè pwochen nou mal, men yo dezonore Bondye tou. Bondye verite a pa vle wè manti : “Senyè a pa vle wè... moun k ap bay manti” (Pwovèb 6. 16, 17). David di Bondye li a konsa : “Men ou vle pou yon moun sensè nan tout sa l ap fè” (Sòm 51. 6). Epi Apot Pòl deklare : “Lanmou pa kontan ak sa ki pa jis, men li kontan ak laverite” (1 Korentyen 13. 6).

Kòman nou kapab fè pwogrè nan domèn sa a ? Se lè nou pran konsyans : “Dapre sa ki plen kè, bouch pale” (Matye 12. 34), epi kè nou va chanje sèlman, lè li pou Jezi. Si se nou ki plen tèt nou, nou va defòme verite a nan avantaj nou. Men si Kris la se Senyè lavi nou, verite li a va abite nan nou ; lè sa, pawòl nou yo va pi vre, epi ya fè moun byen.

7 novembre

Tu ne diras pas de faux témoignage contre ton prochain. Exode 20. 16

Tu n'iras pas çà et là médissant parmi ton peuple.

Lévitique 19. 16

La mort et la vie sont au pouvoir de la langue.

Proverbes 18. 21

Parole 9 : Tu ne porteras pas de faux témoignage

Beaucoup d'entre nous n'ont sans doute jamais dit de faux témoignage en justice lors d'un procès. Mais dans son sens le plus large, ce commandement concerne aussi celui qui prend à la légère ses engagements, ou les renie. Il vise "la calomnie, la médianse, les mensonges, l'exagération délibérée et le maquillage de la vérité. Nous pouvons porter un faux témoignage en colportant des racontars aussi bien qu'en les écoutant, en plaisantant aux dépens des autres, en créant de fausses impressions, en ne corrigeant pas des affirmations erronées... par nos paroles mais aussi par nos silences" (John Stott).

Le faux témoignage et la calomnie non seulement lèsent notre prochain, mais déshonorent Dieu. Le Dieu de vérité a le mensonge en horreur : "L'Éternel hait... la langue fausse" (Proverbes 6. 16, 17). David disait à son Dieu : "Tu veux la vérité dans l'homme intérieur" (Psaume 51. 6). Et l'apôtre Paul déclare : "L'amour... ne se réjouit pas de l'injustice, mais se réjouit avec la vérité" (1 Corinthiens 13. 6).

Comment progresser dans ce domaine ? En prenant conscience que "de l'abondance du cœur, la bouche parle" (Matthieu 12. 34), et que notre cœur change seulement lorsqu'il appartient à Jésus. Si nous sommes remplis de nous-mêmes, nous déformerons la vérité à notre avantage. Mais si Christ est le Seigneur de notre vie, sa vérité nous habitera ; nos paroles seront alors plus vraies, et bienveillantes.